

BAB I

BUBUKA

Dina ieu bab dipedar ngeunaan hal-hal anu aya dina bab bubuka, anu ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat tiorétis jeung mangpaat praktis), jeung raraga nulis.

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina hirup kumbuh masarakat, unggal jalma tangtuna waé mikabutuh interaksi jeung jalma lian. Saluyu jeung hahékatna, salian ti salaku mahluk *individu*, jalma ogé salaku mahluk sosial di lingkungan hirup kumbuhna (Irjus spk, 2020, kc. 7). Hartina, jalma mikabutuh komunikasi dina kahirupan sapopoéna. Komunikasi nyaéta prosés hiji jalma nepikeun pesen (rasa, pikiran, jeung kahayang) minangka panyatur ka jalma lian anu narima éta pesen minangka pamiarsa (Sudaryat, 2014, kc. 32). Komunikasi anu lumangsung antara dua jalma atawa leuwih sacara langsung disebutna komunikasi antarpribadi (*personal*) (Pace dina Marlina, 2011, kc. 113). Dina lumangsungna prosés komunikasi tangtu ngagunakeun hiji pakakas anu disebut basa.

Basa mangrupa hiji sistem lambang sora nu arbitrér anu dipaké komunikasi jalma (Wardhaugh dina Sudaryat, 2014, kc. 13). Basa minangka alat anu dipaké ku jalma pikeun ngedalkeun eusi haténa (Wirakusumah & Djajawiguna dina Sudaryat, 2014, kc. 13). Salian ti éta, nurutkeun (Aslinda & Leni dina Pratiwi, 2017, kc. 9), basa mangrupa hiji hal anu penting aya dina kahirupan jalma, lantaran basa dipaké dina sagala kagiatan sapopoé. Basa dipaké dina prosés komunikasi anu lumangsung antara panyatur jeung pamiarsa. Ku kituna basa mangrupa alat anu dipaké sarta penting dina kahirupan jalma pikeun ngedalkeun eusi haténa dina kagiatan komunikasi sapopoé.

Prosés komunikasi bisa lumangsung sacara lisan atawa lisan anu dituliskeun, conto tina komunikasi lisan nyaéta paguneman nu lumangsung dina kahirupan sapopoé, sedengkeun komunikasi lisan anu dituliskeun diantarana nya éta, paguneman antar pamaén dina novél (Hardina spk, 2019, kc. 361). Nalika

komunikasi, tangtuna dina paguneman antar panyatur, panyatur kadang teu ngedalkeun maksud pamikiran atawa omonganna sacara langsung, tapi ngaliwatan ma'na anu nyamuni di tukangeun omongannana.

Pikeun maham ma'na atawa maksud tadi tangtu urang kudu maham heula kana kontéks omongan anu keur lumangsung. Dina ngahontal hal tadi diperlukeunna kontéks pikeun maham atawa ngahasilkeun omongan sangkan bisa ngawangun prinsip gawé bareng jeung kasopanan dina proses komunikasi, anu ahirna tujuan tina omongan tadi bisa dipaham ku jalma lian kalawan éféktif (Abdurrahman, 2011. kc. 4).

Dina maham kontéks atawa tujuan omongan tadi, diperlukeun hiji ulikan anu bisa medar ngeunaan basa di luareun strukturna. Pragmatik mangrupa cabang élmu basa anu maluruh basa sacara éksternal, hartina maluruh makéna basa dina komunikasi (Wijana dina Samad, 2017, kc. 9) saluyu jeung pungsina dina komunikasi, pragmatik mangrupa hiji élmu ngeunaan makéna basa dina komunikasi (Leech dina Sari, 2013, kc. 179). Nurutkeun Sudaryat (2016, kc. 89) pragmatik kaasup dahan semiotik anu maluruh harmonis atawa henteu adegan basa jeung makéna basa nepi ka kapanggih cara pamiarsa napsirkeun ma'na ti panyatur katut ma'na kontéks situasi. Ma'na atawa tujuan komunikasi bisa dikedalkeun ku panyaturna sacara langsung atawa teu langsung, tapi pamiarsa bisa maham maksud ma'na atawa tujuan dina komunikasi, ma'na atawa tujuan tadi aya lain ku ayana kaédah semantik atawa sintaksis, tapi ayana prinsip jeung kaédah paguneman.

Dina kagiatan komunikasi diperedih ayana gawé bareng antara panyatur jeung pamiarsa (Grice dina Rahardi spk., 2016, kc. 53). Nurutkeun Grice (dina Rahardi spk., 2016, kc. 53) ayana gawé bareng anu lumangsung antar para panyaturna dimaksudkeun sangkan kagiatan komunikasi bisa lumangsung sacara harmonis. Hal tadi disebutna salaku prinsip gawé bareng atawa *cooperative principle*. Ku kituna prinsip gawé bareng mangrupa salasahiji prinsip paguneman dina waktu ngayakeun komunkasi anu lumangsung antara panyatur jeung pamiarsa saluyu jeung kontéksna. Dina ieu prinsip aya opat maksim, nya éta (1) maksim *kuantitas* (*maxim of quantity*), (2) maksim *kualitas* (*maxim of quality*), (3) maksim *relevansi* (*maxim of relevance*), jeung (4) maksim *cara* (*maxim of manner*) (Pulungan, 2021, kc. 16). Ieu prinsip meredih sangkan omongan anu dikedalkeun ku panyatur atawa

pamiarsa bisa saluyu, jelas, jeung gampang dicangkem ku situasi anu lumangsung dina omongan. Komunikasi bisa lumangsung sacara lancar nalika boga kaédah-kaédah anu ngatur prosés komunikasi antar panyatur jeung pamiarsa, kaédah tadi nya éta prinsip gawé bareng anu ngawengku opat maksim (Septiani & Sandi, 2020, kc. 14). Prinsip gawé bareng bisa lumangsung nalika panyatur jeung pamiarsa bisa ngukuhan maksim-maksim dina prinsip gawé bareng contona méré informasi atawa jawaban sacukupna, saluyu kana kaayaan anu saenyana, jeung teu ambigu. Aya ogé panyatur atawa pamiarsa méré informasi atawa jawaban anu kaleuleuwihi, teu saluyu kana kaayaan saenyana, jeung ambigu, éta hal disebut teu ngukuhan maksim-maksim dina prinsip gawé bareng (Fauziah & Ghufron, 2020, kc. 49). Hartina, panyatur atawa pamiarsa geus ngarempak prinsip gawé bareng.

Ku ayana ieu prinsip gawé bareng dina paguneman, tangtu urang bakal apal jeung maham kana kontéks omongan atawa carita anu nyampak sacara lisan atawa tulisan, fakta nu aya ayeuna nyaéta ayana sababaraha jalma anu teu merhatikeun atawa apal kana ieu prinsip nalika ngalaksanakeun paguneman boh sacara lisan boh sacara tulisan, nilik kana komunikasi sacara langsung antara panyatur jeung pamiarsa masih sok ayana gagal réspon nalika komunikasi, lantaran omongan ti panyatur atawa pamiarsa kaleuleuwihi, teu saluyu jeung kontéks, atawa ambigu tuluy aya maksud anu tangtu nu rék ditepikeun, kitu ogé nilik kana komunikasi sacara tekstual hususna dina karya sastra, dina paguneman antar palaku carita aya paguneman anu ngarempak ieu prinsip, lantaran informasi atawa jawaban ti panyatur kaleuleuwihi, ambigu, atawa aya tujuan séjén anu rék ditepikeun. Panyatur anu kurang maham kana kontéks dina paguneman bisa ngabalukarkeun ayana gagal réspon anu ahirna panyatur atawa lawan panyatur bakal terus ngomong sarta teu paduli kana giliran nu séjén (Morissan dina Fitriah, spk. 2020, kc. 186). Ku kituna Prinsip gawé bareng antara panyatur jeung pamiarsa kudu bisa lumangsung kalawan harmonis, sangkan udagan atawa maksud dina paguneman bisa katepikeun. Salian ti éta, unggal omongan boga sipat séwang-séwangan, dina unggal omongan aya nu boga sipatna langsung, aya ogé anu sipatna teu langsung. Ieu sipat omongan téh bisa katitén nalika urang bisa maca museur tur ngulik omongan tadi ngagunakeun pragmatik.

Sipat omongan anu katiten dina paguneman nyaéta aya dua; omongan langsung jeung teu langsung (Sudaryat, 2016, kc. 157). Sipat omongan langsung bisa gampang dipaham ku balaréa lantaran ma'na dina omongan saluyu jeung omongan anu dikedalkeun, sedengkeun sipat omongan teu langsung biasana leuwih hésé dipaham lantaran ma'na omongan tadi nyamuni dina omongan anu dikedalkeun (Tressyalina & Anisa, 2020, kc. 254). Omongan langsung ngawengku verba anu ngajak pamiarsa pikeun ngalakukeun hiji hal, méré saran jeung nitah, sedengkeun omongan teu langsung biasana nitah pamiarsa sacara teu langsung ngagunakeun kalimah paréntah anu nyamuni atawa ngagunakeun kalimah paréntah anu leuwih lemes (K. Sari, 2014, kc. 43).

Aya sababaraha panalungtikan saméméhna anu geus medar ngeunaan prinsip jeung maksim, di antarana ; (1) “Prinsip jeung Maksim dina Kumpulan Carpon *Si Kabayan Tapa* Ngagunakeun Ulikan Pragmatik” (Nursalam, 2012), (2) “Prinsip jeung Maksim Omongan dina Paguneman Kumpulan Capon *Panggung Wayang Karya Aam Amilia*” (Samsudin, 2014), (3) “Tingkat Kasatuhuan Prinsip Gawé Bareng dina Paguneman Kalawarta TVRI Jawa Barat” (Marwah, 2020), sarta (4) “Prinsip Kasopanan dina Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot* Karya Karna Yudibrata (Ulikan Pragmatik)” (Julian, 2021).

Dina panalungtikan anu dilaksanakeun ku Nursalam (2012) dipedar ngeunaan prinsip jeung maksim dina paguneman kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa Karya Min Resman*, dina panalungtikan anu dilaksanakeun ku Samsudin (2014) dipedar ngeunaan prinsip jeung maksim dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* nepi ka tahapan pragmatisna, dina panalungtikan Marwah (2020) dipedar ngeunaan prinsip gawé bareng tur tingkat kasatuhanna jeung faktor anu mangaruhan kana tingkat kasatuhuan prinsip gawé bareng dina paguneman Kawarta TBRI Jawa Barat. Ari dina panalungtikan Julian (2021) dipedar ngeunaan prinsip kasopanan nepi ka polah ucap dina paguneman carpon *Kanyaah Kolot*.

Bédana jeung ieu panalungtikan nyaéta dina ieu panalungtikan baris dipedar ngeunaan sipat omongan dumasar kana prinsip gawé bareng anu kapanggih dina kumpulan carpon *Murang-maring*. Ari saruaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan di luhur nyaéta sarua ngulik ngeunaan prinsip paguneman dina kumpulan carpon, dina ieu panalungtikan ngulik ngeunaan prinsip gawé bareng,

ngagunakeun buku kumpulan carpon anu judulna *Murang-maring* Karya Godi Suwarna. Dipakéna ieu kumpulan carpon téh lantaran di jerona loba paguneman anu bisa dijadikeun bahan data ieu panalungtikan.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, tétéla panalungtikan ngeunaan prinsip gawé bareng téh masih perlu dilaksanakeun. Ari sababna, masih kurangna kajian ngeunaan ieu prinsip jeung sipat omongan di Tatar Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Prinsip Gawé Bareng jeung Sipat Omongan dina Kumpulan Carpon *Murang-maring* Karya Godi Suwarna” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan medar ngeunaan prinsip gawé bareng jeung sipat omongan anu aya dina kumpulan carpon *Murang-Maring* karya Godi Suwarna ngagunakeun ulikan pragmatik. Aya sababaraha masalah anu perlu diidentifikasi, di antarana waé:

- 1) Dina kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna kapanggih prinsip gawé bareng;
- 2) dina kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna kapanggih sipat omongan langsung jeung teu langsung.

Dumasar kana kasang tukang masalah jeung idéntifikasi masalah, rumusan masalah dina ieu panalungtikan disusun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Prinsip gawé bareng naon waé nu aya dina kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna?
- 2) Kumaha sipat omongan dina paguneman kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngabogaan dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Eta dua tujuan panalungtikan téh masing-masing dipedar ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan boga udagan pikeun mikawanoh jeung ngadéskrripsikeun prinsip gawé bareng jeung sipat omongan dina kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna. Ieu panalungtikan téh bakal nyoko kana maksim-maksim dina paguneman carpon, tangtuna paguneman anu ngawengku prinsip gawé bareng, tuluy medar ngeunaan sipat omongan dina pagunemanna dumasar kana prinsip gawé bareng anu kapanggih.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan, nya éta pikeun ngadéskrripsikeun dua hal, nyaéta:

- 1) Prinsip gawé bareng dina paguneman kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna; jeung
- 2) Sipat omongan dina paguneman kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngabogaan dua mangpaat, nyaéta mangpaat tiorétis jeung mangpaat praktis. Eta dua mangpaat panalungtikan téh masing-masing dipedar ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tiorétis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun nambahan pangaweuh dina ulikan élmu kabasaan, tangtuna dina widang élmu pragmatik, utamana pangaweruh ngeunaan prinsip gawé bareng jeung sipat omongan dina paguneman kumpulan carpon.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun sababaraha pihak, saperti:

- 1) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh sarta pangalaman nu kacida gedéna dina neuleuban prinsip gawé bareng jeung sipat

omongan hususna dina paguneman kumpulan carpon *Murang-maring* karya Godi Suwarna.

- 2) Pikeun nu maca, ieu panalungtikan bisa jadi référénsi pikeun ngamekarkeun panalungtikan-panalungtikan satuluyna dina widang pragmatik, hususna ngeunaan prinsip gawé bareng jeung sipa omongan.
- 3) Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa jadi référénsi dina maham jeung nambahan pangaweruh ngeunaan prinsip gawé bareng jeung sipat omongan anu aya dina karya sastra, hususna dina kumpulan carpon.
- 4) Pikeun murid, ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh dina maham ngeunaan prinsip gawé bareng jeung sipat omongan anu aya dina karya sastra.

1.5 Raraga Nulis

Ieu panalungtikan ngawengku lima bab, dina Bab I Bubuka dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tiorétis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan téori-téori anu jadi dadasar dina ieu panalungtikan. Éta téori ngawengku prinsip gawé bareng minangka komponén pragmatik, prinsip gawé bareng dina komunikasi, prinsip gawé bareng, sipat omongan panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode panalungtikan, dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, ngadéskripsikeun hasil panalungtikan anu eusina ngeunaan paguneman anu ngawengku prinsip gawé bareng, prinsip gawé bareng, maksim jumlah (*kuantitas*), maksim inajén (*kualitas*), maksim kasaluyuan (*relevansi*), maksim cara, sipat omongan langsung, jeung sipat omongan teu langsung, tuluy dipedar dumasar kana hasil analisis data.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina pedaran hasil panalungtikan.